LAN MOOY WAXTAANU SAYTU NGIR AM KAARANGE?

Su fekke ni da nga duggu ci biir Amerig te jaaruloo ci yoon ba nekke ci loxo wa imigrasion lu tollo ak 14 fann ak temeeri kilometar ak duggu kaay bi **di na niula jaarale ci doxalinu toxal bu gaaw.** Loolu moy amulo sagn sagnu guisse ak atte katt bi te dina niula jox kayyitu ndigallu dello sa dekk. Kayyit boobu dina xaar su fekke da nga wax ni da nga ragal dellu sa dekk. Dina niu dello sa kaa bi wa USCIS Asylum Office ngir benne jakaarlo laaj ak tontu ak seen benne ligeey katt bu xaragn ci wallu yoon ci Amerig.

Sollos jakaarlo laaj ak tontu woowu moodi xool ndax meun nga am kaarange bu woor ci biir Amerig ba niu meune la mayy nga nettali atte kattu imigrasion sa nekkine ak taxawaay. **Ngir am doggal bu positive (waaw), war nga wanné «lu woor te leer» ni meun na niu la aar**. Soxlo nga am doggal bu positive (waaw) ci sa «raggal bu deggu» ndax niu meun la jox kayyitu kaarange bi ak atte katt bi ci li niuy woowe yoonu Section 240, ak tamit am sagn sagnu laaj ngir niu bayyila nga guenne ci santar ba ak benne atte katt (resulta bu positive soxlo na niuko ngir wa ICE mena **saytu ak seetlu ni yaw do kuy lorr** te bayyila **nga guenne santar ba te toppu sa kaa ci bitti**).

Na nga bayyi xel ni su fekke daniu la messoon delloo sa dekke ba pare nga niowaat te amo ndigallu jalle yoonu ndox mi wala suuf si (**Duggu si te Jaaro ci yoon wi** maanaam «EWI»), do meuna am asil ci sa jakaarloo wu raggal bu deggu (CFI) waaye ci luddul dencum toxallinu Jakaarloowu Raggal bu Deggu. Ngir lepp lu jem ci loolu, yoon bi niuy jaar benne la. Waante nak, sa kaa dina niuko saytu ngir dencum toxallin bi waaye nak asil bokku ci maanaam daga wara firnde lu eupp 50% ni dina niula toroxal boo dello moo gueun lu tollu ci 10%.

So ame doggal bu negative (deet) menne nga laaj atte kattu imigrasion bi mu xoolaat dogallu Officier bu Asil bi. Bu atte katt bi dellu se ci dogall bu negative bi bapare jox la waaw (resulta positive), menne nga tamballi corte bi ci Section 240. Bu atte katt bi **jubboo we ak ndawu asil bi,** konn kayittu doggalu dello la sa deukk bi nga jottoon bi bi ngay duggu ci Amerig te niu teyye woon ko ci bi ngay laaj kaarange dina duggu ak doole te wa ICE dina niu jokko ak sa wa ambasade wala consula ngir xool nu niu mena def ba nga dellu sa deuk.

Sa béneen yoon bi nga mena jaar ba am ndoggal bu baax (positive) mooy nga laaj ngir niu xoolaat resulta yi ndax loolu moola mena mayaat chance ngir niu defallat la interview bi. Warulo am niaari yoon interview – xanaa nga niaane bénne. Yénne sa yi waa Asil bi niooy doggal ngir deffaat ay laaj, su fékkee dafa am ab njuumté bu amoon ca bu njeukk ba.

Ci ndiggeulu Mujjantal Doggal bu beessu Ki took te nga xam ni moo yilif nji duggu biir Amerig te mu nekk seen yoon bu njeukk ca bessub 31 Mai, 2022 wala ca kanam, meune nga laaj niu xoolaat ko **beneene yoon** te du guénne **ci digganté 7 fann yi atté katt bi bagné sa kaa bi** (su fékkee kénn délloo gula sa reew).

NAKA LA MENA DEF BA NIU XOOLAAT SAMAY RESULTA WU INTERVIEW?

Sudee daga jappe ni amone na **lu jem ci wàllu yoon wala mbir bu am solo ci say mbirr bo xamni daniu ci juum té mu mena yàxx say resulta**, meune nga laaj wa Asil ba niu xoolaat sa resulta yi, mene na nekk béneen interview sudee nioom wa Asil bi jappe naniu ni dina ci am solo.

Ngir laaj niu saytu waat mbirr yi (ak béneen interview wala sax mu bania amaat) da nga wara **binde leetarr buy wax leppe** lu jem ci:

1. Lann mo nékkoon njuumté bi ci interview bu njekk bi,
2. Luko warraloon, ak
3. Lutax–sudee njuumté bi defaraat naniu ko–war nga am resulta yu baax ci yoon.

Leetarr boobu soxlo na niu binde ko ci Angalé wala niu tékki ko te andàk Kayyit bi wané ni amna sagn-sagnu tekki (xoolal firnde bi niu ci boolé).

Bénne ci ndawu yoon yi meune nala saytul say resulta wu interview te dimbali la nga xam lutax niu bania loon la ko te saytu waat njuumté yi ci sa kaa, li ci guena am solo moodi njuumté yi jem si wàllu yoon e nga xamni meune nga ci bania xam lu bari.

Njuumté yi nga xamni lu niu fatté la te bokk ci say mbirr si yii lay mujjee:

1. Amna lu niu nandul bu baax ak/wala tékkee tekki bu baaxul. Sudee amna luniu binde te baaxul ci say resulta interview, niaane naniula nga leeral niuko te nga wax lutax mu am solo.

2. Nétali wo leppe ci say mbirr. Sudee yaako def, wa Asil ba duniu niakk seen yitté ci loolu ngir defaraatal la interview ndax mayoon na niula ba paré foo menee nettali leepe. Budee leeralo woon leppe ci sa kaa, war nga am firnde yu matt yi tax wa Asil ba meune laa joxaat béneen interview. Budee nak du yaako def, Asil bi war na niu la mayaat fo defee béneene interview ngir nga yokku lepp lu ci warr. Xoolal laaj yi nga bayi ci xel:

- Ndax daniu la? Wawoon nga dara ngir jubbanti loolu? Sudee defooko, lutax?
- Ndax da jàpoon ni menulo nettali leppe? Lutax? Lutax yooyu nga nettali wul woon am solo ci say mbirr?
- Ndax amoon nga jaffé-jaffé dégg bu baax laaj yi wala lu jem ci firri katt bi? Ndax waxoon nga dara ngirr jubbanti ko? Budee defooko, lutax?
- Bi nga deggloo nettali wi niu binde ci yaw ba paré te niu laajoon la ndax noonu la, lutax yokku lo ci woon xibaar yoyu?

Yoon bi gueune ngir amaat interview bu beess moodi nga yooné e-mail ngir niaan loolu guinaaw mooy yoon bi guena gaaw te defay dem ci nitt yi wara saytu waat mbirr yi nga xamni baaxu niu (resulta yu negative yi). Sa niaan ngir niu saytu waat mbirr yi meune nga ko yonnee wa Asil bi

wala ak ndimbalu kéneene, ku melni awoka, wa ICE, wala kénne ci sa njaboot / xaritt. Budee meno am fo yonee e-mail wala ko xamni dinala mena dimbali, jeemal yonee ci adaress bii:

RFR Unit
16630 Imperial Valley Drive, Suite 200
Houston, TX 77060

NAKA LAAY XAMEE NDAX SAMA KAA AWNA YOON CI BIIR AMERIG?

Asil ba ak teyyeb doxalinu toxal bi **ngir nitt yi nga xamni danio raggal delluwaat sen deuk la.** Waante nak, luwa (yoon) bu Amerig du aar kenne ku ragala dellu sa dekkem. Ki muy aar mooy ki nga xamni dafa raggal **nit gaagn ko** ndax **xallaatam ci politik, diine, xeet, dekkem, ak/walla dafa bokk ci «askan buniu raagnee»,** bi nga xam ni mooy doxalinu yoon bi wax ni amna lu nekk ci moom lu wute ak li dekkem nangu. Loolu menne na nek lu jem ci boroom niaari turr yi (goor jigeen), ku messa dundu toroxtaange ci keur, ku fekkee mbirr, jottalikat wala **kuy taxawal akh ak yelleefu nit yi**, **ku bokk ci ab njaboo**t, wala ku wutte ak niepp. Warr nga firnde ni **soxlo nga kaarange wa Amerig**- bi nga xamni sa nguuru deuk menu lako wala beggu lako jox, te amo fenneen fu woor fo dekk.

Amna tamit xeetu **kaarange bu wutte ngir nitt yi nga xamne danio ragal seen nguur**, te police bokk ci, ak niu bokk ci ay samba booy yuy liggeeyal nguur gui, wala bu nguur gui xamee lu xew te deful dara ngirr aar la, maanaam bu nguur gui diggle niu gaagn la (‘mu ande ci loolu’). Bu nguur gui jiitee lila dall / li nga nara dundu euleuk, meun nga am kaarange waa Mbootaayu Nations Unies Ngir Xeex Mbuggalaate (torture).

LAAJ YI CI GUENA FESS

Layy bi

- Kann moola tiital/ gaagn? (budee xamo seen turr meune nga joxé turr buniu leen di dakkantalee wala xibaar yoo xam ci nioom ak lutax nga japp ni nioom la/ mboolo boobu la)
- Lutax niu taamu la yaw? Noko xamee?
- Ndax yeneene njaboot, xaritt, mbokk, wala bepp nitt bo xam daniu leen gaanioon ndax lu melni say boss? Wala nuniu mujee ak lu leen dall?

Tolluwaayu mettital bi

- Naka la niula tiitalee/ gaaniee?
    - Niaata yoon la niula tiital/ gaagn?
    - Ci ban jamono la niula tiital / gaagn? (fexeel bu ndieukk bi ak bu mujju bi, ak bann mo ci genoona yeess)
    - Lu xewoon? Fann la mujjee? Niaata diir la tollool? Ndax batay loolu dafla jappe?
- Lann nga japp ni moom nga guena ragal mu dall la buniu la delloo we sa reew ci doolé? Lutax? Nooko xamé?

Kaarangué ci Sa Reew

- Ndax sa Police reew wala kenne ci nguur gui meune nala aar? Lutax? (budee am nga kayyitu pélente bo yorr, meune nga ko wax ndawu Asil bi. Budee defooko woon waajalal sa bopp ngir leeral lutax defooko woon. Budee nak defoon nga pélente bi na nga wax lutax kenne menula woon aar.)
- Ndax am nga feneene ci sa reew fo mena deukk? Lutax?
- Ndax am nga lulay may ngir nga deukk ci beneene reew ab diir, wala ndax meune nga ko am si lu yombe?

Li nga xamni moom la Asil bi laaj, Denc mi, Xatimu Karangué jeum si Mbuggalaaté

Li war laaj kattu asil bi: Sa wareef la nga firnde ni daga soxla karangué
Gaaniu-gaaniu meun na nek ci Yaram, ci Yeg-yeg wala ci Xel
Meun nga am asil sudee wané nga ay gaaniu-gaaniu yu yàggue wala yu nara am.

	Asil (Laxxu kaay)	**Teyyee ngir bania toxal**	**Xaatim bi xeex Mbugalaaté**
Gaaniu-gaaniu	Fitnaalaaté	Fitnaalaaté	Mbugallaaté
Lutax	5 deugg	5 deugg	Deugg yu bari
Nguur wala Ku bokkul ci Nguur:	Menul wala beuggul lidianti	Menul wala beuggul Di saytu	Laaj, leukeuloo déggoo
Meun naa am	~10%	Lu weessu 50%	Lu weessu 50%
Doggal bi?	Waaw	Deet	Deet
Sa tollu waay	Lu nara yàggue	Lu dul yàggue	Lu dul yàggue

Duniu la mena jeul sudee:

- **Meun nga dem fénne ci sa deukk te am sutura (Toxu ci biir reew mi).**
- **Meun nga am ci béneene deukk tolluwaay bu jaar yoon cio diir bu gàtte (Toxalaat)**
- **Nekkine ya si sa deukk danio soppi ci luko jar ba mu guena baaxci wallu Asilu doomu Adama: Bo amé mettitu fitna bu yàggue ak 1. daj ak yéneen gaaniu-gaaniu yu woor wala 2. Fitna bu yàgge bi dafa tarrone te metti warru niula dello waat.**

CERTIFICATE OF TRANSLATION

I, _____, certify that I am competent in both the _____ and English languages. I furthermore certify that, to the best of my knowledge and abilities, I have accurately and faithfully translated the attached Request for Reconsideration.

_____ _____ _____, 2022
Name Month Day

_____
Signature

Address:

Phone Number: